

SEDEKAH MINANGKA BEKTI TIYANG SEPUH
Dening : Zulfah Kirom, M.Ag. (PAIF Kab Purworejo)

Khutbah Pertama

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ نَحْمَدُهُ وَنَسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ
أَنْفُسِنَا وَسَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا مَنْ يَهْدِهِ اللَّهُ فَلَا مُضِلَّ لَهُ وَمَنْ يَضِلَّ فَلَا
هَادِيَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ
مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ
وَأَصْحَابِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ. أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا
الْحَاضِرُونَ أَوْصِيَكُمْ وَإِيَّايَ بِتَقْوَى اللَّهِ وَطَاعَتِهِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ.
فَقَالَ اللَّهُ تَعَالَى : وَاقِيمُوا الصَّلَاةَ وَآتُوا الزَّكَاةَ^ق وَمَا تُقَدِّمُوا
لِأَنْفُسِكُمْ مِنْ خَيْرٍ تَجِدُوهُ عِنْدَ اللَّهِ^ق إِنَّ اللَّهَ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ.

Kaum muslimin jamaah Jumuah rahimakumullah,

Mangga kita tansah ngupayaaken ningkataken taqwa kita dhumateng Allah swt, kanthi nglampahi punapa ingkang sampun Allah dhawuhaken lan nebihi sedaya ingkang sampun dipun awisi. Kejawi punika monggo kita sami ngathah-ngathaken amal shalih, infaq lan sadhaqah. Allah sampun ngendika:



وَأَنْفِقُوا مِنْ مَّا رَزَقْنَاكُمْ مِنْ قَبْلِ أَنْ يَأْتِيَّ أَحَدَكُمُ الْمَوْتُ فَيَقُولَ
رَبِّ لَوْلَا أَخَّرْتَنِي إِلَىٰ أَجَلٍ قَرِيبٍ فَأَصَّدَّقَ وَأَكُنْ مِنَ الصَّالِحِينَ

Padha infaqka sira kabeh saka sebagian rejeki kang wus Ingsun paringake marang sira sadurunge tumekaning pati marang salah sawijining sira, kang mengko banjur muni-muni (krana getun), "Dhuh Gusti, kenging punapa Panjenengan boten nyrantosaken (pejah) kula boten ketang sekedhap malih, supados kula saged amal sedhekah lan kula kagolongaken dados tiyang-tiyang ingkang saleh." QS. Al Munafiqun : 10


Para sedherek ingkang minulya,

Pramilo monggo mumpung kita taksih dipun paringi gesang wonten ing ngalam donya puniko, mangga babagan amal sadaqah, infaq lan jariyah punika saestu kita gatosaken. Ampun ngantos dados getun benjang sasampunipun seda amargi boten purun sadaqah rikalanipun gesang. Wondene ingkang boten kagungan bandha kangge sadaqah, lajeng kados pundi? Allah sampun ngendika :

قَوْلٌ مَّعْرُوفٌ وَمَغْفِرَةٌ خَيْرٌ مِّنْ صَدَقَةٍ يَتَّبِعُهَا أَذًى ۚ وَاللَّهُ غَنِيٌّ حَلِيمٌ

"Tetembungan apik lan pangapuran iku luwih becik tinimbang sedhekah kang kairingan tumindak kang ngelarakake ati. Allah iku Maha sugih tur Maha Aris." (QS. Al Baqarah: 263)

Saking ayat kaserat, sedekah mboten namung arupi bandha/materi ingkang kita gadhahi, ananging saged arupi pangandikan-pangandikan ingkang sae: doa, motivasi, kabar ingkang migunani lan pangapuran dhumateng tiyang sanes.



Boten sakwangsulipun, sampun boten purun urun bandha, malah paring pangandikan utawi komentar-komentar ingkang negatif, lan boten ngeremenaken dhumateng tiyang sanes.

Para sedherek ingkang minulya,

Lajeng dospundi tiyang mukmin ingkang kadhung nilar donya ananging taksih kirang amal sedekahipun? Islam paring solusi lumantar putranipun ingkang purun “mikul dhuwur mendhem jero” dhateng tiyang sepahipun. Setunggal wekdal wonten tiyang jaler nyuwun pirsu dhateng kanjeng Nabi mekaten,

إِنَّ أُمِّي أَفْتَلَتَتْ نَفْسَهَا وَأَرَاهَا لَوْ تَكَلَّمْتُ تَصَدَّقْتُ، أَفَأَتَصَدَّقُ عَنْهَا قَالَ: نَعَمْ تَصَدَّقْ عَنْهَا

"Ibu kula seda mendadak, lan piyambakipun boten wasiat napa-napa. Kula yakin, menawi sempat ngendikan, piyambakipun mesthi kersa sedekah. Lah, punapa almarhumah ibu kula pikantuk ganjaran menawi kula sedekah atas nama piyambakipun?" Nabi SAW ngendika, "Iya, sira sedekaha kanggo ibumu." (HR. Bukhari)

Wonten hadis sanes redaksinipun mekaten,

إِنَّ أَبِي مَاتَ وَتَرَكَ مَالًا، وَلَمْ يُوصِ، فَهَلْ يُكْفَرُ عَنْهُ أَنْ أَتَصَدَّقَ عَنْهُ قَالَ: نَعَمْ.

"Estunipun bapak kula sampun nilar dunya lan nilaraken bandha sekedhik, tapi piyambakipun boten wasiat. Punapa (Allâh) kersa ngelebur dosa-dosane bapak kula menawi kula sedekah atas nami piyambakipun?" Nabi njawab, "Ya." (HR. Muslim)

Saking punika kita dados mangertos bilih bektos dhateng tiyang sepah kekalih punika berlaku sepanjang hayat, sinahoso tiyang sepah sampun sumare. Punapa malih kagem kita ingkang mbok menawi dereng sempat bektos rikala rumiyin tiyang sepah taksih sugeng, sakpunikalah kasempatanipun kangge nambeli.

Ewondene amalan ingkang asring dipun syariataken kangge ngintun ganjaran tiyang sepah inggih punika sadaqah lan amal jariyah. Kados ingkang sampun Nabi Muhammad ngendikaaken wonten ing setunggaling hadits saking Abu Hurairah ra


إِذَا مَاتَ الْإِنْسَانُ انْقَطَعَ عَنْهُ عَمَلُهُ إِلَّا مِنْ ثَلَاثَةٍ: إِلَّا مِنْ صَدَقَةٍ
جَارِيَةٍ، أَوْ عِلْمٍ يُنْتَفَعُ بِهِ، أَوْ وَلَدٍ صَالِحٍ يَدْعُو لَهُ

"Yen menungsa mati, arep pedhot kabeh amale kejobo telung perkoro, yaiku sedekah jariyah, ilmu kang manfangat, lan anak sing sholeh kang tansah dongakake wong tuwone" (HR. Bukhari)

Para jamah Jumat ingkang minulya,

Inkang kedah kita jagi anggene sedekah inggih ampun ngantos mberataken awak kito piyambak amargi kita ugi tasi nggadhahi tanggung jawab lan amanah keluarga kita ingkang wajib kita sedekahi.

Kejawi puniko ampun ngantos ngupayakaken sedekah kanti nyuwun utangan saking lintunipun. Kados tiyang ingkang nembe kerso slametan sedanipun tiyang sepuh kanti sedekah dhaharan ingkang kathah lan pepak ananging sedaya beayanipun dipun perkoleh kanthi pados utangan.



Ingkang leres inggih sedekah puniko sesuai kemampuanipun supados mboten dados beban tumrap piyambake lan keluarganipun.

Mekaten khutbah siang puniko mugi-mugi Allah swt tansah paring rizki ingkang barokah supados kita saged ngamalaken zakat, infaq lan sedekah. Amin

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ، وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ
مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ، وَتَقَبَّلَ اللَّهُ مِنِّي وَمِنْكُمْ تِلَاوَتَهُ إِنَّهُ
هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ، وَاسْتَغْفِرُوهُ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ

Khutbah II

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَنْعَمَنَا بِنِعْمَةِ الْإِيمَانِ وَالْإِسْلَامِ. وَالصَّلَاةُ
وَالسَّلَامُ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ خَيْرِ الْأَنْبَاءِ. وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ الْكَرَامِ.
أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ الْمَلِكُ الْقُدُّوسُ السَّلَامُ وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا
وَحَبِيبَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ صَاحِبُ الشَّرَفِ وَالْإِحْتِرَامِ أَمَّا بَعْدُ.
فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ.
فَقَالَ اللَّهُ تَعَالَى: إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ



أَمْنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا
مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ
وَبَارَكْتَ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ كَمَا بَارَكْتَ عَلَى
سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ فِي الْعَالَمِينَ إِنَّكَ حَمِيدٌ
مَجِيدٌ اللَّهُمَّ وَارِضَ عَنِ الْخُلَفَاءِ الرَّاشِدِينَ. وَعَنْ أَصْحَابِ نَبِيِّكَ
أَجْمَعِينَ. وَالتَّابِعِينَ وَتَابِعِ التَّابِعِينَ وَتَابِعِهِمْ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ اللَّهُمَّ
اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ. اللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا
الْغَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالطَّاعُونَ وَالْأَمْرَاضَ وَالْفِتَنَ مَا لَا يَدْفَعُهُ غَيْرُكَ
عَنْ بَلَدِنَا هَذَا اِنْدُونِيسِيَا خَاصَّةً وَعَنْ سَائِرِ بِلَادِ الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً يَا
رَبَّ الْعَالَمِينَ رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا
عَذَابَ النَّارِ عِبَادَ اللَّهِ إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَيَنْهَى عَنِ
الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ. يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ. فَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ
يَذْكُرْكُمْ. وَاشْكُرُوهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ. وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ